

## BAB III

### MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN


#### 3.1 Désain Panalungtikan

Métode panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta panalungtikan tindakan kelas (PTK). Istilah dina basa Inggris *Classroom Action Research* (CAR). Tina ngaranna geus némbongkeun eusina yén PTK téh mangrupa hiji kagiatan panalungtikan anu dilakukeun di kelas. Aya tilu kecap anu ngawangun harti PTK, nya éta:

- 1) Panalungtikan, hiji kagiatan nala'ah hiji objék ku cara ngagunakeun aturan métodologi anu tangtu pikeun ngameunangkeun data atawa informasi anu miboga mangpaat dina ngaronjatkeun kualitas hiji hal anu ngirut minat pikeun panalungtik.
- 2) Tindakan, kagiatan anu ngahaja dilakukeun sarta miboga tujuan anu tangtu. Dina panalungtikan ngawangun runtuyan siklus kagiatan pikeun siswa.
- 3) Kelas, dina hal ieu teu ngawengku kana ruang kelas, tapi dina harti anu leuwih spésifik. Dina hal ieu, anu dimaksud kelas téh nya éta sakelompok siswa dina waktu nu sarua, narima pangajaran nu sarua ti guru nu sarua ogé.

Numutkeun Kusnandar (2008:42) PTK mangrupa bagian tina panalungtikan tindakan (*action research*). Ku kituna, PTK téh mangrupa salah sahiji bagian tina panalungtikan tindakan sarta miboga tujuan anu aya patalina jeung kelas. Salian ti éta, PTK ogé mangrupa panalungtikan tindakan anu dilakukeun di kelas anu miboga tujuan pikeun ngaronjatkeun kualitas prakték pangajaran.

Aya sababaraha ahli anu ngébréhkeun désain panalungtikan tindakan ku cara ngagunakeun bagan anu béda, tapi sacara umum aya opat tahapan anu biasa digunakeun, nya éta 1) perencanaan, 2) pelaksanaan, 3) pengamatan, jeung 4) réfléksi. Ieu di handap modél-modél jeung pedaran ngeunaan tahapanna séwang-séwangan, nya éta:



Gambar 3.1  
 Model Panalungtikan Tindakan Kelas  
 (Arikunto, et. al, 2006:16)

Keterangan Gambar :

Tahap 1 : Nyusun Rarancang Tindakan (*Planning*)

Dina tahap ieu panalungtik medar ngeunaan naon, kunaon, iraha, dimana, ku saha, jeung kumaha tindakan éta dilakukeun. Dina tahap nyusun rarancang ieu, panalungtik nangtukeun titik atawa fokus kajadian anu kudu meunangkeun perhatian husus pikeun ditalungtik, satuluyna nyieun instrumén panalungtikan pikeun mantuan panalungtik ngarékam fakta nu kajadian salila tindakan lumangsung .

Tahap 2 : Pelaksanaan Tindakan (*Acting*)

Tahap ka-2 dina tindakan nya éta pelaksanaan anu mangrupa impleméntasi atawa penerapan eusi rarancang, nya éta ngagunakeun tindakan di kelas. Hal anu kudu

diperhatikeun dina tahap ka-2 nya éta pelaksana guru kudu inget jeung kudu nyaluyukeun kana naon anu geus dirumuskeun dina rarancang.

### Tahap 3 : Pengamatan (*Observing*)

Tahap ka-3 nya éta kagiatan panalungtikan anu dilakukeun ku panalungtik. Saeutik gedéna, panalungtikan ieu leuwih hadé lamun dipisahkeun jeung panalungtikan tindakan lantaran panalungtikan ieu dilaksanakeun nalika tindakan keur lumangsung.

### Tahap 4 : Refleksi (*Reflecting*)

Tahap ka-4 mangrupa kagiatan pikeun ngébréhkeun deui kana naon geus dilakukeun. Istilah *refleksi* tina basa Inggris *reflection*, anu ditarjamahkeun kana basa Indonésia *pemantulan*. Kagiatan refléksi ieu dilakukeun nalika guru pelaksana geus réngsé ngalakukeun tindakan. Inti dina panalungtikan tindakan nya éta nalika guru salaku palaku tindakan nétélakeun ka panalungtik ngeunaan hal-hal anu geus dirasa lumangsung kalawan hadé jeung bagian mana anu can hadé.

Aya opat tahapan penting dina panalungtikan tindakan, nya éta 1) perencanaan, 2) pelaksanaan, 3) pengamatan, jeung 4) réfléksi. Kaopat tahapan dina panalungtikan tindakan mangrupa unsur-unsur anu ngawangun hiji siklus, nya éta hiji puteran kagiatan ngaruntuy, anu balik deui ka léngkah mimiti. Jadi, hiji siklus mangrupa tina tahap nyusun rarancang nepika réfléksi, anu disebut évaluasi.

## 3.2 Sétting Panalungtikan

### 3.2.1 Lokasi Panalungtikan

Ieu panalungtikan dilakukeun di SMP Negeri 12 Bandung nu alamatna di Jl. Dr. Setiabudhi No. 229, Bandung 40154

### 3.2.2 Subjék Panalungtikan

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta hasil diajar siswa kelas VII A SMP Negeri 12 Bandung anu jumlahna 40 urang, nu ngawengku 20 murid lalaki jeung 20 murid awéwé dina mata pelajaran basa Sunda seméster 1 taun ajaran 2011-2012.

### 3.2.3 Waktu Panalungtikan

Kegiatan ieu panalungtikan dilakukeun kurang leuwih sabulan nya éta bulan Novémber 2011, anu ngawengku saperti dina tabél ieu di handap:

Tabél 3.1 Waktu Panalungtikan

No	Siklus	Tanggal
1	Tés awal	21 Novémber 2011
2	Siklus 1	12 Januari 2012
3	Siklus 2	19 Januari 2012

### 3.3 Définisi Operasional

Dina ngalaksanakeun panalungtikan ieu, saméméhna kudu dipedar heula ngeunaan sababaraha istilah anu aya patalina jeung ieu panalungtikan. Hal ieu penting dilakukeun lantaran miboga maksud pikeun ngawatesan masalah-masalah panalungtikan anu baris dilaksanakeun.

#### 3.3.1 Modél Kooperatif Tipe *Jigsaw* (KTJ)

Modél pangajaran kooperatif tipe *Jigsaw* nya éta salah sahiji modél pangajaran kooperatif anu ngawengku sababaraha kelompok sarta miboga tanggung jawab séwang-

séwangan ngeunaan pamanggih jeung pamahamanana kana bahan pangajaran tuluy siswa téh diperedih sangkan bisa méré penjelasan ngeunaan sawanganana ka anggota sakelompokna.

### 3.3.2 Maca Dongéng

Dongéng nya éta carita rékaan anu méré kesan pamohalan (teu kaharti ku akal) tur ukurana parondok. Dongéng téh sok disebut ogé carita rayat (*folktale*) atawa carita balaréa. Jadi maca dongéng nya éta kagiatan maca carita dongéng.

## 3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta ngawengku tés kamampuh siswa, obsérvasi, jeung catetan lapangan.

### 3.4.1 Tés Kamampuh Siswa

Tés dilakukeun pikeun ngukur hasil diajar siswa ngeunaan matéri anu geus ditepikeun salila kagiatan pangajaran ngagunakeun KTJ. Tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nya éta tés lisan jeung tés tertulis. Kagiatan ieu dilakukeun pikeun ngukur ngaronjatna kamampuh maca dongéng siswa ngagunakeun format peunteun anu geus ditangtukeun.

Tés anu digunakeun pikeun nguji kaparigelan maca siswa. Hasil ieu tés digunakeun salaku bahan pikeun ningali kamampuh siswa salila kagiatan lumangsung, boh dina pra panalungtikan, siklus I, jeung siklus II.

### 3.4.2 Obsérvasi

Popper (dina Hopkins, (1993) dina Wiriaatmaja, 2007:104) nétélakeun yén obsérvasi téh nya éta tindakan anu mangrupa tafsiran tina téori. Dina ieu panalungtikan, panalungtik atawa saha waé anu asup ka hiji rohangan kelas anu tujuana pikeun obsérvasi (obsérver), leuwih hadé ninggalkeun téorina di luar kelas, jeung mimiti nalungtik tanpa aya justifikasi hiji téori (wiriaaatmaja, 2007:104).

Obsérvasi dina ieu panalungtikan dilakukeun pikeun niténan aktivitas guru jeung siswa dina kagiatan individu atawa kelompok nalika prosés diajar-ngajar lumangsung. Aya dua format obsérvasi anu kudu dieusian ku obsérver nya éta format obsérvasi aktivitas guru, jeung format obsérvasi aktivitas siswa.

### 3.4.3 Catetan Lapangan

Anu dimaksud catetan lapangan nya éta instrumén anu digunakeun pikeun nyatet sagala rupa peristiwa anu lumangsung dumasar kana tindakan anu dilakukeun ku guru. Catetan lapangan ieu miboga fungsi pikeun ningali kamekaran tindakan jeung kamekaran siswa dina ngalakukeun hiji prosés pangajaran (Sanjaya, 2009:98). Catetan lapangan dieusian ku hasil obsérvasi, réaksi, jeung réfléksi panalungtik kana prosés diajar-ngajar.

## 3.5 Instrumén Ngumpulkeun Data

Dina ngumpulkeun data, panalungtik ngagunakeun sababaraha instrumen panalungtikan. Instrumén panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta lembar tés jeung lembar obsérvasi.

### 3.5.1 Lembar Tés

Tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés awal jeung tés ahir. Hasil tés awal digunakeun pikeun ningali kaparigelan siswa saméméh siswa narima bahan pangajaran ti guru, sedengkeun tés ahir digunakeun pikeun ningali kaparigelan siswa sanggeus siswa narima bahan pangajaran ti guru. Numutkeun Borg & Gall (1979:237) pengumpulan data dina panalungtikan anu ngagunakeun instrumén tés, kabersihanana bakal dipangaruhan ku sababaraha faktor diantarana téster, alatna, situasi, jsb. Wangun tés anu digunakeun boh dina tés awal boh tés ahir nya éta wangun tés *objéktif* (pilihan ganda). Jumlah soal anu digunakeun nya éta 10 soal, sedengkeun pilihan jawabanna aya 4.

### 3.5.2 Lembar Obsérvasi

Obsérvasi dina ieu panalungtikan dilakukeun pikeun nalungtik aktivitas antara guru jeung siswa dina prosés diajar-ngajar nalika kagiatan kelompok lumangsung. Dina obsérvasi ieu, guru dipiharep teu kabeungkeut ku hiji téori anu digunakeun. Tapi sabalikna, guru kudu leuwih ngamekarkeun kaparigelanana nalika ngalaksanakeun prosés diajar-ngajar sangkan tujuan pangajaran bisa kahontal kalawan hadé.

Anapon format paniléyan anu digunakeun dina observasi nya éta obsérvasi aktivitas guru jeung format observasi aktivitas siswa.

#### 3.5.2.1 Lembar Obsérvasi Aktivitas Guru

Obsérver niténan jeung ngaévaluasi panalungtik (guru) nalika keur ngajar salila KBM lumangsung. Format paniléyan aktivitas guru nu digunakeun dina panalungtikan ieu nya éta:

Tabél 3.2  
Lembar Obsérvasi Aktivitas Guru

Wasta Obsérver	: .....
Poé, Ping	: .....
Jam	: .....

Standar Kompetensi: 7.3 Mampu membaca untuk memahami dan menanggapi bacaan yang berupa sejarah lokal/cerita babad, teks, pecakapan, dongeng, dan *carita pondok*

Kompeténsi Dasar : 7. 3.3 Membaca Dongéng

No	Aktivitas	Aya	Teu Aya	Koméntar
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	<p>Kegiatan awal</p> <p>a) Ngajawab salam (sacara réligius)</p> <p>b) Ngabsén siswa</p> <p>c) Méré apersépsi ka siswa</p> <p>d) Méré motivasi ka siswa</p> <p>e) Nepikeun SK, KD, jeung tujuan pangajaran</p> <p>f) Nepikeun KKM anu kudu dihontal ku siswa dina pangajaran “Maca Dongéng”</p> <p>g) Ngainstruksikeun siswa sangkan nyieun kelompok</p> <p>Kegiatan Inti</p>			
2.	<p>a) Méré matéri ngeunaan pangajaran maca dongéng</p> <p>b) Ngabagi kelompok asal</p> <p>c) Méré carita dongéng</p> <p>d) Ngabagi submatéri ka unggal anggota kelompok.</p>			
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
	<p>e) Ngabagi submatéri ka unggal anggota kelompok</p> <p>f) Ngondisikeun siswa sangkan nyieun kelompok ahli</p> <p>g) Niténan ka unggal kelompok ahli</p> <p>h) Ngondisikeun siswa sangkan balik deui ka kelompok asal</p> <p>i) Ngabagi lembar kerja siswa (LKS)</p> <p>j) Ngayakeun sawala kelas</p> <p>k) Méré kasempetan ka siswa pikeun nanya</p>			
3.	<p>Kegiatan ahir</p> <p>a) Ngondisikeun siswa sangkan balik deui ka tempat diukna séwang-séwang séwangan</p> <p>b) Ngayakeun tés formatif (tés ahir)</p> <p>c) Nyindekkeun matéri pangajaran anu geus ditepikeun</p> <p>d) Nepikeun matéri pikeun pangajaran nu satuluyna</p>			



	e) Panutup			
	Jumlah			
	Perséntase			

Keterangan : Béré tanda *check list* (√) dina kolom aya lamun katitén dilaksanakeun, atawa dina kolom teu aya lamun teu katitén dilaksanakeun.

Catetan Obsérver :

.....  
 .....

Bandung, Januari 2012

Obsérver,

Panalungtik,

NURMAYASARI

\_\_\_\_\_  
 NIP/NIM

\_\_\_\_\_  
 NIM 080044